

BAB 1

BUBUKA

A. Kasang Tukang Panalungtikan

Sisindiran mangrupa budaya Sunda anu miboga ajén-inajén anu luhur. Biasana, baheula mah sisindiran téh sok dipaké pikeun alat komunikasi dina kahirupan sapopoéna ku para luluhur urang. Ku sabab sisindiran téh warisan ti luluhur urang, sarta kaasup kana salah sahiji budaya Sunda, ku kituna urang salaku urang Sunda kudu ngamumulé budaya urang sorangan, sangkan ieu budaya téh henteu pareum.

Sisindiran ieu téh katitén dina KTSP jeung SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda di SMP/Mts kelas VIII. Anu standar kompetensina nyaéta 8.4 *mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, esai, laporan, sisindiran, dan guguritan*. Sedengkeun kompetensi dasarna nyaéta 8.4.4 *menulis sisindiran* (SKKD, 2007, kc. 96).

Dina materi nulis sisindiran, masih loba kénéh siswa anu can mampuh ngahontal hasil anu hadé jeung nyugemakeun. Rata-rata di unggal sakolaan, pangajaran basa Sunda téh hasilna can nyugemakeun, hususna dina pangajaran nulis sisindiran. Contona baé di SMP Negeri 3 Lembang, rata-rata nilai pangajaran basa Sunda kelas VIII téh kurang ti 75 atawa kurang ti nilai KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal).

Dina pangajaran nulis sisindiran, siswa nyanghareupan sababaraha pasualan, nyaéta dina guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun, dina milih kecap anu henteu murwakanti, hubungan antarpadalian anu teu nyambung, dina éjahanana anu can bisa ngabédakeun huruf vocal é, e, jeung eu, sarta dina ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina unggal tungtung padalian, jeung dina ngabédakeun antara rarakitan jeung paparikan.

Hasil dina pangajaran basa Sunda anu can nyugemakeun éta téh ku sabab kurangna minat siswa kana pangajaran basa Sunda, lantaran basa Sunda téh dianggap pangajaran anu hésé sarta ngabosenkeun dina prosés diajar ngajarna. Sangkan dina prosés diajar ngajarna henteu ngabosenkeun sarta bisa ngirut minat siswa pikeun diajar basa Sunda, salah sahiji tarékahna téh tina cara guru nepikeun matéri pangajaran. Cara guru nepikeun matéri pangajaran masih loba kénéh anu

ngagunakeun cara tradisional, nyaéta guru masih ngagunakeun metode ceramah jeung tanya jawab. Ku kituna, pikeun ngungkulan éta pasualan téh, salah sahiji carana guru bisa ngagunakeun modél pangajaran anu saluyu jeung materi, sarta bisa ngirut minat siswa.

Salah sahiji modél pangajaran anu saluyu jeung materi sisindiran nyaéta modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)*. Dina modél pangajaran *NHT*, aya sababaraha léngkah anu dilakukeun nyaéta: 1) guru ngelompokkeun murid, unggal murid dina unggal kelompok ngabogaan nomer; 2) guru méré pancén, tuluy ku unggal kelompok dikerjakeun; 3) kelompok nyawalakeun jawaban anu bener sarta unggal anggota kelompokna arapaleun jawabanana; 4) guru nyebutkeun salah sahiji nomer siswa tuluy nomer anu disebutkeun ngalaporkeun hasil sawala kelompokna; 5) tanggapan ti kelompok séjén; jeung 6) guru jeung siswa nyieun kacindekan (Rahman, 2011, kc. 24).

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran jeung nulis sisindiran dina skripsi saacanna pernah ditalungtik ku Lilis (2009), anu judulna “Éféktivitas Téknik Jigsaw dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran Siswa Kelas VIII SMP Bakti Bangsa Bandung Taun Pelajaran 2009-2010”, anu hasilna nyindekeun yén Téknik Jigsaw bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran ka siswa kelas VIII di SMP Bakti Bangsa Bandung Taun Pelajaran 2009-2010. Sarta skripsi anu ditalungtik ku Vitaloka Ratu Permata Kusuma (2011), anu judulna “Éféktivitas Modél Pangajaran Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan ka Siswa Kelas VIII C SMP PaSundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010/2011”, anu nyindekkeun yén Modél Pangajaran Tématik bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran wangun paparikan jeung rarakitan ka siswa kelas VIII C SMP PaSundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010/2011. Aya ogé dina disertasi anu ditalungtik ku Dingding Haerudin (2010), anu judulna “*Model Pembelajaran Diskusi Kelompok Bernomor (DKB) Dalam Pembelajaran Membaca Pemahaman Artikel Berbahasa Indonesia* (Studi Eksperimen di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni UPI), anu nyindekkeun yén modél pangajaran DKB leuwih éféktif tibatan modél pangajaran diskusi kelas dina ngaronjatkeun kamampuh mahasiswa dina maca pemahaman artikel.

Nuraeni, 2014

Modél Pangajaran Numbered Heads Together (Nht) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lantaran masalah-masalah anu geus dipedar di luhur, ku kituna perlu diayakeunna panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan (Studi Kuasi Eksperimén ka Siswa Kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2013/2014)”.

B. Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1. Identifikasi Masalah

Masalah anu diidentifikasi dina ieu panalungtikan nyaéta masalah ngeunaan nulis paparikan. Dina nulis paparikan masih loba kénéh siswa anu can mampuh ngahontal hasil anu maksimal atawa ngahontal nilai KKM anu geus ditangtukeun. Éta hal téh ku sabab siswa nyanghareupan sababaraha masalah dina nulis paparikan. Masalah anu disanghareupan ku siswa téh di antarana dina guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun, dina milih kecap anu henteu murwakanti, hubungan antar padalisan anu teu nyambung, jeung dina éjahanana anu can bisa ngabédakeun huruf vocal é, e, jeung eu, sarta dina ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina unggal tungtung padalisan.

Ku kituna pikeun ngungkulan éta masalah téh salah sahiji na guru bisa nganunakeun modél pangajaran dina nulis paparikan. Modél pangajaran anu saluyu jeung materi nulis paparikan téh salah sahijina nyaéta modél pangajaran *Numbered Heads Together*. Modél pangajaran *Numbered Heads Together* nyaéta modél anu bisa mantuan siswa dina nulis paparikan. Lantaran dina modél *Numbered Heads Together* siswa bisa nulis paparikan kalawan gawé bareng jeung babaturanana. Jadi siswa anu can mampuh nulis paparikan bisa dibantuan ku siswa anu geus mampuh nulis paparikan.

2. Rumusan Masalah

Rumusan-rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditulis ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII I dina nulis paparikan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*?

C. Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu téh miboga tujuan-tujuan anu kudu dihontal, tujuan-tujuan éta téh nyaéta:

a. Tujuan umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji cocok atawa henteuna modél pangajaran *Numbered Heads Together* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan.

b. Tujuan husus

Tujuan husus nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I di SMP Negeri 3 Lembang saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*,
- 2) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I di SMP Negeri 3 Lembang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*, jeung
- 3) aya atawa henteu bédana kamampuh nulis paparikan kelas VIII I di SMP Negeri 3 Lembang antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*.

D. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu baris dihontal dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1) **Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu-élmu metodologi pangajaran dina nulis paparikan.

2) **Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa, jeung panalungtik.

- a. Mangpaat pikeun guru, sangkan nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina prosés diajar-ngajar, hususna dina pangajaran nulis sisindiran, sarta sangkan nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sisindiran hususna dina wangun paparikan.
- b. Mangpaat pikeun siswa, sangkan siswa bisa leuwih mikawanoh sarta paham kana materi sisindiran.
- c. Mangpaat pikeun panalungtik, sangkan mikanyaho leuwih teleb ngeunaan modél pangajaran jeung materi sisindiran, sarta sangkan mikanyaho kamampuh siswa dina nulis paparikan.

E. Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun ku lima bab. Bab I ngawengku kasang tukang, identifikiasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina medar ngeunaan ulikan pustaka anu dimimitian ku hakékat modél pangajaran, modél pangajaran kooperatif, unsur-unsur modél pangajaran kooperatif, tipe-tipe modél pangajaran kooperatif, wangenan modél *Numbered Heads Together*, tujuan modél *Numbered Heads Together*, kaonjoyan jeung kahéngkéran modél *Numbered Heads Together*, léngkah-léngkah modél *Numbered Heads Together*, wangenan nulis, fungsi nulis, gunana nulis, tujuan nulis, rupa-rupa tulisan, wangenan paparikan, jeung papasingan paparikan. Aya ogé pedaran ngeunaan raraga mikir. Salian ti éta dina ieu bab ogé medar ngeunaan asumsi jeung hipotesis panalungtikan.

Dina Bab III medar ngeunaan métodologi panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan jeung téknik panalungtikan.

Bab IV ngadéskripsikeun ngeunaan hasil panalungtikan anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun bédana hasil antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together* dina nulis paparikan siswa SMP.

Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi kana panalungtikan anu geus dilakukeun.